



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 18 fevriye 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GENYEN IMEL AK TÈKS ALÈT POU RAPLE RENOUVÈLMAN ANREJISTREMAN
AK ENSPEKSYON MACHIN**

Chofè New York Ka Enskri pou Nouvo Sèvis sa sou Entènèt, pa Lapòs oswa nan Biwo DMV

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse chofè New York ka resevwa kounye a imel ak mesaj tèks pou rapèl ki soti nan New York State Department of Motor Vehicles (DMV) kap enfòm yo lè anrejistremant oubyen enspeksyon yo ap espire.

“Lontan, long liy nan biwo DMV lokal la se te senbòl yon gouvènman eta inefikas, men nan twa dènye lane yo, administrasyon m lan fè li tounen yon priyorite pou chanje repitasyon sa epi pi byen sèvi Nouyòkè,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Dènye sèvis sa DMV ofri a se yon pa annavan nan efò sa yo, kap bay chofè New York chans pou yo anrejistre pou rapèl regilye ki pral ede yo fè swivi renouvèlman anrejistremant ak enspeksyon machin yo. Jodi a nan nouvo New York la, nou pral kontinye fè esperyans kliyan Nouyòkè vin pi bon.”

Kliyan ka anrejistre vit san pwoblèm sou entènèt, pa lapòs oswa nan yon kontwa biwo DMV oswa kyòs. DMV pral enskri tou otomatikman tout kliyan ki te reyalize yon tranzaksyon sou entènèt nan de lane ki sot pase yo. Enfòmasyon pou abònman, tankou nimewo telefòn oswa adrès imel, ka chanje byen fasil, epi kliyan ka anile abònman pou sèvis sa nenpòt ki lè.

Delege DMV a, Barbara J. Fiala, te di konsa: "Gouvènè Cuomo te mande Department of Motor Vehicles re-egzamine jan nou fè biznis epi jwenn fason pou amelyore sèvis nap bay kliyan." Rapèl sa yo, tankou gwo gam sèvis sou entènèt nou yo, se yon lòt fason kote n ap itilize teknoloji pou ogmante efikasite, bay ranman ak ti kras depans epi pi byen sèvi moun Eta New York.

ATANSYON TV YO:

[Klike la pou wè yon videyo Delege Fiala pou DMV kap pale sou nouvo sèvis sa.](#)

Pou telechaje videyo a, tanpri ale sou:

[https://www.yousendit.com/download/eINJT2pJQTYxUURMYnRVag.](https://www.yousendit.com/download/eINJT2pJQTYxUURMYnRVag)

Rapèl sou entènèt pou anrejistreman ak lisans pral voye ozanviwon 90, 60 ak 30 jou anvan espirasyon epi ankò jou espirasyon an. Rapèl pou enspeksyon pral voye nan premye jou nan mwa espirasyon an, 15yèm jou nan mwa espirasyon an epi ankò lè enspeksyon an espire.

Yon kont myDMV pa obligatwa pou sèvis sa. Kliyan ki enskri pou “Paperless Reminders/Rapèl San Papye” MyDMV pral resevwa imel rapèl kap soti nan sèvis sa. Moun ki pa enskri pou Rapèl san Papye toujou pral toujou resevwa avi pou renouvèlman anrejistreman ak lisans yo pa lapòs.

Nan fen ane sa, nouvo sèvis sa pral elaji pou pèmèt kliyan resevwa imel ak tèks rapèl lè lisans chofè yo oubyen lòt kat idantite yo bezwen renouvle. Pou jwenn plis enfòmasyon sou ozanviwon 40 sèvis sou entènèt DMV ofri yo, ale sou sit entènèt Depatman an nan dmv.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvel nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418